XAMAL YU YAATU CI I.E.S.

LI WAR NGIR BINDU CI EKOOLBI

Eleewyi dëkk ci dëkku diwaanbi mënnañu bindu ci ekoolu ..... ci .....

Ngir bindu, warnañu joxe **kayit yii** ci biro Sekréteeru ekoolbi :

- Kayitu bindu
- 4 foto
- Fotokopi dantite (bu waajur, kilifa wolla eleewbi).
- Kayitu bindu Meeri ("empadronamiento")
- Fotokopi téere njaboot (livret de famille), wolla paaspoor wolla kayitu dëkk (carte de séjour).
- Fotokopi kart « sécurité sociale ».
- Fotokopi karne ñakku wolla bu yemak moom.

WOXTU

Woxtu ekoolbi yëpp : Altine ba ajjuma lidale ..... ba ..... ci subba, akk noppalu ..... minit (..... ba ..... woxtu).

Bëccëgbi dañ ko xaaj 6 kuuru 50 minit, ak 5 minit ci digënteyi. Ci diir boobu, eleewu xaaj bu jëkk (1eel ak 2eelu atu E.S.O.) mënuñu génn ekoolbi, doonte sax ci woxtu noppalu la.

Woxtu jàŋgyi : Jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi dana jox eleewyi wolla seen waajur woxtu jàŋgyi ci seen ndaje bu jëkk ci kalaas. Dana leen leeralal woxtu yi ci ayubisbi ak ci macceer bu nekk.

Woxtu kuuru español : Jàŋgalekatu español bi wolla jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi moo kay wax eleew yi dégul españ bubaax. Danañ leen wax ban woxtu la eleewbi di joge kalaasam ngir jàŋgi ci kalaasu español.

TËRËLIN

Kuréelu njiit yi : Ñi ci nekk ñooy Direktëer bi, njiitu diglekatu njàŋgalemi (Jefe/a de Estudios) ak sekreteer bi.

Kuréelu jàŋgalekat yi (Claustro) : Ñi ci nekk ñooy jàŋgalekat yópp ci macceer yópp.

Bàŋqaasu jàŋgale : Ñi ci nekk ñooy jàŋgalekat yi bookk li ñuy jàŋgale.

Bàŋqaasu tegtal xamxamu xel ak njàŋgale : Ñi ci nekk ñooy juróomi jàŋgalekat ci xamxamu xel ak njàŋgale (psikopedagoji), xarale, làkk ak bind, ndimbël ci xarale ak paj.

Bàŋqaasu tegtal yëŋgu-yëŋgu biti-ekool : Ki ko yor mooy jàŋgalekat biy jokkale yëŋgu-yëŋgu yii ak yeneen yi.

-

Kuréel biy jokkale njàŋgale mi : Ñi ci nekk ñooy ñi yore bàŋqaasu jàŋgale bu nekk, ak njiitu diglekatu njàŋgalemi, ak Direktëer bi.

YI FI AM

EKOOL BI ..... amal na ñu fi yii, ngir yëŋgu-yëŋgu yi am :

* Saalu tàggat yaram
* Bërëbu tàggatukaay (Teknoloji)
* Kafeteria
* Saalu mbumbaay
* Kagu
* Laboratwaaru :
  - © Xamxamu biti
  - © Fisik
  - © Simi
* Saal yi :
  - © Xarale
  - © Deseŋ
  - © Misik
  - © Aaru loxo ak gis
  - © Informatik
  - © Español
  - © Etc.

YËƊGU-YËƊGU BITI-EKOOL

Lii ci at mi yópp lañu koy amal. Bàŋqaasu jàŋgale yi ñoo leen di indi, te Kuréelu njàŋgalemiànd ci. Mënna nekk ci misaal génn ci Saragosse, wolla ci yeneen dëkk, wolla ci diwaan bi, wolla nemmeekuji benn bërëb, etc.

Dañu koy def ngir jàŋgale, ngir yaatal, mottali al xóotal li ñu jàŋg ci kalaas bi, ngir indi ngëneel ci jëflënte diggënte ñópp ñi séqq njàŋgale mi.

Bala ci eleew di bookk waajurm warna joxe nangoom. (Ekool bi dana joxe kayit bi waajur wi di bàyyee doomam)

KATIYU BOOKK

Kuréelu njàŋgalemi : Ñi toogal ñópp ñi séqq njàŋgale mi (eleew yi, jàŋgalekat yi, njaboot yi, ligéeggeykatu ekool bi, meeri bi).

APA : Ñi toogal waajuru eleew yi.

Mbootaayu delege yi : Ñi toogal eleewu ekool bi.

WAXTAAN AK WAAJURYI

Jàŋgalekat biñu déŋk kalaas bi, bàŋqaasu tegtalbi ak kureelu njiityi, ñëpp amnañu fuñuy teeroo waajuru eleewyi.

Ñu ngi leen di xaar ci :

.....

.....

Telefon : ..... Faks : .....

E-mail : .....